

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, sarta (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran, kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling* bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling* kaasup katégori perlu bimbingan kalawan rata-rata 43. Tina 21 siswa, 14% di antarana kagolong cukup tur mampuh ngadongéng, sarta 86% lianna kagolong can mampuh ngadongéng. Ditilik tina aspék anu dipeunteunna, kamampuh ngadongéng aspék lafal kagolong “kurang” (2,5). Masih loba siswa nu kurang jelas dina ngucapkeun kecap-kecap jeung kalimah dina basa Sunda. Kamampuh ngadongéng aspék lentong ogé kagolong “kurang” (2,3). Nalika nyarita, loba siswa nu nadana lempeng, tur lentongna kurang merenah. Sarta kamampuh ngadongéng aspék ékspresi ogé kagolong “kurang” (1,6). Siswa can bisa ngébréhkeun ékspresina kana dongéng anu keur dicaritakeunana. Loba siswa anu ékspresina lempeng, tur gestur awakna kaku.
- 2) Kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling* kaasup katégori hadé, kalawan rata-rata 71. Tina 21 siswa, 29% di antarana kagolong can mampuh tur perlu bimbingan, sedengkeun 71% sésana kagolong mampuh, kalawan présentasi 19% katégori cukup, 33% katégori hadé, sarta 19% katégori hadé pisan. Siswa kagolong geus mampuh nyangking aspék-aspék ngadongéng. Sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*, kamampuh ngadongéng aspék lafal kagolong “hadé” (3,7). Siswa geus bisa ngucapkeun kekecapan dina basa Sunda kalawan jelas, tur kasalahanana jadi ngurangan. Kamampuh ngadongéng aspék lentong ogé kagolong “hadé” (3,7).

Siswa geus bisa nyangking lentong kalawan merenah, tur kasalahanana jadi ngurangan. Sarta kamampuh ngadongéng aspék éksprési kagolong “sedeng” (3,1). Siswa kawilang geus bisa méré éksprési nu wajar kana eusi dongeng anu dicaritakeunana.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*. Dumasar hasil uji t-tes, dipikanyaho niléy Sig.(2-tailed) 0,000 leuwih leutik $< 0,05$, hartina H_a ditarima atawa H_0 ditolak. Tina hasil *pretest* jeung *posttest* ogé katitén yén parobahanana nunjukeun hasil anu hadé, lantaran peunteun rata-rata kamampuh ngadongéng siswa dina unggal aspékna ngaronjat. Kamampuh ngadongéng aspék lafal siswa saméméh perlakuan kaasup kategori “kurang” (2,5), sedengkeun sanggeus perlakuan, ngaronjat jadi katégori “hadé” (3,7). Kamampuh ngadongéng aspék lentong ogé nu asalna katégori “kurang” (2,3), ngaronjat jadi katégori “hadé” (3,7). Sarta kamampuh ngadongéng aspék éksprési siswa nu asalna katégori “kurang” (1,6), ngaronjat jadi katégori “sedeng” (3,1). Tina tilu aspék ngadongéng, aspék anu parobahanana kawilang gedé nya éta aspék éksprési, kalawan béda rata-rata 1,5 poin. Sedengkeun béda rata-rata dina aspék lafal 1,2 poin, sarta aspék lentong 1,4 poin. Ku sabab kitu, bisa dicindekkeun yén modél *Paired Storytelling* téh éféktif dilarapkeun dina pangajaran dongéng ka siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan nunjukeun yén modél *Paired Storytelling* téh éféktif dilarapkeun dina pangajaran dongéng ka siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023, hususna dina matéri ngadongéng. Ku larapna ieu modél pangajaran téh bisa ngahudang sumanget siswa pikeun diajar, lantaran siswa bisa gawé bareng jeung pasanganana, sarta ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa. Matéri ogé jadi leuwih dicangkem ku siswa lantaran dipatalikeun jeung pangaweruh nu dipikanyaho ku siswa saméméhna.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, yén modél *Paired Storytelling* téh éféktif dilarapkeun dina pangajaran dongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023, jadi aya sababaraha rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Paired Storytelling* bisa dijadikeun salah sahiji modél alternatif dina pangajaran dongéng.
- 2) Pikeun ngalengkepan prosés pangajaran, bisa digunakeun média ajar anu ngirut siswa, sangkan hasilna leuwih nyugemakeun.
- 3) Perlu diayakeun deui panalungtikan anu nguji modél *Paired Storytelling* dina pangajaran nyarita séjénna.
- 4) Perlu ayana panalungtikan anu nguji modél *Paired Storytelling* dina pangajaran séjén, lian ti nyarita. Lantaran nurutkeun tiorina, modél *Paired Storytelling* téh ngagabungkeun opat kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.